

# Pou pran yon vaksen Moderna

Etandone vaksen COVID-19 lan fenk parèt, ou kapab poze tèt ou kesyon a kisa pou atann ou, pandan, ak aprè ou fin pran vaksen an (piki). Itilize dokiman sa a pou jwenn plis enfòmasyon epi pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN si ou gen plis kesyon.

## A kisa pou w atann ou:

### Avan ou pran vaksen an:

- Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN pou w konnen si gen yon vaksen COVID-19 ki rekòmande pou ou nan moman sa a.
- Si ou gen kesyon sou vaksen an, tanpri poze nou yo!  
**Nou la pou ede ou.**



### Kilè w ap ka pran vaksen an:

- Yon doktè oswa yon enfimyè CHN pral ba ou:
  - Yon dokiman k ap eksplike ki vaksen COVID-19 w ap pran.
  - Yon fòm konsantman. Enfòmasyon w ap bay nan fòm sa a, tankou laj ou ak dat nesans ou, yo pral anrejistre yo nan Biwo Vaksinasyon Ministè Sante ki nan Vil New York.
- Yo pral ba w piki a nan zepòl ou.

### Aprè ou fin pran vaksen an:

- W ap gen bezwen retounen **nan 28 jou** ankò pou w ka pran dezyèm piki ou an nan sant lan. Ou pral gen bezwen pran toude piki yo pou ou ka byen pwoteje.
- Ofiramezi n ap resevwa plis enfòmasyon sou kijan vaksen an ap aji sou moun yo, li enpòtan pou ou kontinye pwoteje tèt ou ansanm ak lòt moun pou nou pa pran COVID-19 lè n ap:
  - Mete yon mas ki kouvri nen ak bouch lè ou nan piblik.
  - Kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye ak lòt moun yo.
  - Lave men ou yo souvan.
  - Pa ale kote ki gen foul moun.

**Dat randevou pou vin pran premye piki a:** \_\_\_\_\_

**Dat randevou pou vin pran dezyèm piki a:** \_\_\_\_\_



# Èske vaksen an gen efè segondè?

- **Ou kapab gen kèk efè segondè aprè w fin pran vaksen an.** Efè segondè sa yo se siy ki montre kò w ap pwoteje li kont COVID-19. Ou ka santi w gripe, men efè segondè yo ta dwe disparèt nan kèk jou sèlman.
- Selon sa nou konnen jiskaprezan, kèk moun deklare yo gen plis efè segondè aprè yo fin pran dezyèm vaksen COVID-19 lan.

Efè segondè moun gen souvan yo:	Lè pou rele yon doktè:
<ul style="list-style-type: none"><li>• Doulè oswa anflamasyon kote w te pran piki a</li><li>• Lafyè ak frison</li><li>• Fatig</li><li>• Tèt fè mal</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Si aprè 24 èdtan kote w te pran piki a wouj epi doulè a anpire.</li><li>• Si efè segondè yo anpire oswa pa disparèt aprè kèk jou</li></ul>

## Ki moun mwen dwe kontakte si mwen gen efè segondè?

- Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN konsènan efè segondè yo si ou genyen aprè w fin pran vaksen an.
- Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) mete kèk zouti sou pye pou deklare efè segondè ou genyen yo ansanm ak lòt enfòmasyon sou eksperyans ou fè aprè w fin pran vaksen an. Zouti sa yo ede yo analize kijan vaksen an aji sou moun yo.

**V-safe se yon zouti ou kapab itilize sou telefòn entèlijan ou an pou deklare tout efè segondè yo.** Nan V-safe, ou kapab resevwa rapèl yo tou konsènan kilè w ap gen bezwen vini pou w pran dezyèm piki ou an.

- Lè w ap enskri nan V-safe, li pral mande pou rantre nimewo telefòn ou. Konsa ou kapab resevwa mesaj tèks (SMS) ak bilan sante pou konnen kijan w ye aprè w fin pran vaksen an. Yo pral pwoteje tout enfòmasyon pèsònèl ou rantre nan V-safe.
- **Li pa obligatwa pou gen V-safe. Se ou menm ki konnen si w vle enskri.** Si w pa deside itilize V-safe, enfòmasyon yon doktè oswa yon enfimyè CHN imedyatman si w gen efè segondè ki grav aprè w fin pran vaksen an.
- Pasyan ak pwofesyonèl swen sante yo kapab itilize **Sistèm Swivi Efè Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS)** pou deklare efè segondè yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou [vaers.hhs.gov/reportevent.html](https://vaers.hhs.gov/reportevent.html)



Ale sou [www.cdc.gov/vsafe](https://www.cdc.gov/vsafe) oswa itilize kòd QR lan sou telefòn entelijan ou an pou jwenn plis enfòmasyon